



Pou Piblikasyon Imedya: 18/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU DIVÈTISMAN AK AKLAMASYON SEZON FÈT LA NAN PAK ETA NEW YORK YO

*Plis pase de douzèn evènman sou tèm sezon fèt atravè Eta a*

**Espektak *Magic of Lights Jones Beach nan Long Island* ap kòmanse evènman sezonye yo**

**Ou ka wè foto espektak The Light la yo [isit la](#)**

Gouvènè Kathy Hochul te envite jodi a Nouyòkè yo pou selebre sezon fèt la nan plizyè douzèn evènman sezonye ak pwogram nan Pak Eta ak Sit Istorik yo nan eta a jiska fen ane a, k ap kòmanse avèk espektak anyèl Magic of Lights Jones Beach k ap kòmanse vandredi 19 novanm nan Long Island.

"Jones Beach se kay yon tradisyon sezon fèt siyifikatif, kote fanmi ak zanmi yo rasanble pou espektak limyè anyèl espektakilè a oswa pou eksplòre sit istorik dekore ak admire bote natirèl New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pak nou yo gen yon bagay pou tout moun tout laj jwi epi amezi Eta a kontinye sou wout pou li retounen nan nòm, Espektak Magic of Lights la se yon fason pafè pou kòmanse sezon fèt la".

Espektak Magic of Lights nan Pak Eta Jones Beach la, k ap kòmanse vandredi 19 novanm epi ap kontinye jiska 2 janvye 2022. Espektak sou volan an ap fèt nan 4 kilomèt wout pak la, ki limen avèk dènye teknoloji LED (dyòd) yo, sa gen ladan yon tinèl limyè 200 pye, 40 diferan sèn fèt ki limen ak pyebwa sezon fèt ki dekore ak limyè LED. Lè yo se apati kouche solèy rive 10 p.m. soti dimanch rive jedi, epi kouche solèy rive 11 p.m. nan vandredi ak samdi.

Gen plis detay ki disponib [isit la](#). Resèt tikè yo sipòte kòz charitab, avèk espektak ane pase a ki kolekte plis pase 150,000 dola pou òganizasyon lokal yo, anplis koleksyon atik alimantè ki p ap gate, jwèt, liv, manto ak lòt.

**Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare,** "Vini ak gade chanjman sezon yo nan Pak Eta ak Sit Istorik nou yo. Nou gen yon seri evènman sou tèm sezon fèt la ki pwograme avèk plis lòt bagay ki gen pou fèt. Kòmanse yon nouvo tradisyon avèk zanmi ak fanmi ou".

Mete aksan sou lòt evènman sou tèm sezon fèt la gen ladan yon selebrasyon Nwèl Epòk Dore (Gilded Age Christmas) nan Sit Istorik Staatsburgh Eta a ki dekore nan Hudson Valley, yon pwomnad Black Friday atravè din sab ra Lak Erie nan Pak Eta Woodlawn Beach, yon kous "Turkey Trot" apre Thanksgiving (Aksyon Degras) lan nan Pak Eta Shirley Chisholm nan Brooklyn, yon vizit Santa Claus nan Pasrèl Anlè Pak Istorik Hudson lan, ak 47yèm Dekont Anyèl Zwazo Nwèl nan Pak Eta Letchworth nan Lwès New York.

Pou sila yo ki swete soti deyò olye pou yo ale nan sant komèsyal ki plen moun, gen plizyè lòt ki ofri pwomnad Black Friday tou nan jou apre Thanksgiving lan. Oswa sèlman ale pwomennen poukont ou, ale sou [sitwèb](#) Pak Eta a yo pou w jwenn yon santye toupren ou.

Pou w jwenn yon lis konplè evènman sezon fèt la yo, vizite kalandriye evènman Pak Eta New York (NYS Parks) [isit la](#). Lis la pral mete ajou pandan gen plis evènman k ap ajoute. Gen kèk evènman ki ka egzije enskripsyon alavans oswa yon frè admisyon.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreyatif, ak lansman bato, ke yon kantite rekò 78 milyon moun te vizite an 2020. Resaman, yon etid inivèsite te jwenn ke depans State Parks yo ak vizitè yo fè rapòte 5 milya dola nan pwodiksyon ak lavant, sipòte 54,000 djòb nan sektè prive an, epi plis pase 2.8 milya dola anplis pou PEB (an kreyòl, Pwodwi Enteryè Brit) Eta a. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite [www.parks.ny.gov](http://www.parks.ny.gov), telechaje aplikasyon mobil NY State Parks Explorer la gratis oswa rele nan 518.474.0456. Epitou, konekte avèk Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la sou Facebook, Instagram ak Twitter.

###

Lòt nouvèl ki disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418